



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL TOU TE PIBLIYE YON PWOKLAMASYON KI DEZIYEN MWA JEN KÒM MWA KONSYANTIZASYON VYOLANS AK ZAM

Yo pral elimen moniman Eta yo oranj 2 jen pou make Jounen Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam lan Nasyonal la

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a [te pibliye](#) yon pwoklamasyon ki deziyen mwa jen kòm Mwa Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam epi li te mande po yo limen moniman Eta yo an oranj aswè 2 jen an, pou make Jounen Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam Nasyonal la.

"Chak egzanp vyolans ak zam rebondi pi lwen pase sib yo te vize a, sa ki lakòz doulè aktwomatiz sou viktim yo, zanmi yo, fanmi yo, vwazen yo, moun ki t ap gade yo, ak tout kominote yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m deziyen mwa jen kòm Mwa Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam nan New York pandan n ap kontinye travay pou bay patnè fòs lòd nou yo zouti yo bezwen pou retire zam nan lari epi kenbe kominote nou yo an sekirite."

"Nan New York, n ap pran aksyon dirèk pou retire zam nan lari nou yo epi konstwi katye ki pi an sekirite atravè eta a", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Nou pral kontinye travay ansanm ak patnè fòs de lòd nou yo ak manm kominote a pou jwenn fason ki enpòtan pou abòde epidemi vyolans ak zam lan ak avanse eta nou an."

Nan kad Bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon [plan finansman konplè pou adrese vyolans ak zam epi kreye yon eta ki pi an sekirite](#) ki rekonèt enpòtans yon apwòch ki gen divès aspè k ap amelyore sekirite piblik la. Gouvènè a te bay lòd pou yo limen moniman Eta sa yo an oranj aswè a pou make kòmansman [Wear Orange Weekend](#) (Wikenn pou Abiye an Koulè Oranj), ki kowòdone chak ane pa [Everytown for Gun Safety](#).

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge

- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Premye priyorite nou se ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite, epi nou pral sèvi ak tout zouti ak resous ki disponib nan batay pou mete fen nan vag vyolans ak zam san sans lan nan katye nou yo. Pandan Mwa Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam lan, nou rebran angajman pou travay sa a, rekonèt fòs lòd ak patnè kominotè nou yo k ap travay pou retire zam ilegal nan lari nou yo epi bati kominote ki pi an sekirite, kanpe an solidarite ak sivivan yo, epi remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip ak sipò li."

Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS), te deklare, "Lè vyolans ak zam afekte yon kominote, li antre pi fon pase sa yo wè sou sifas la. Viktim ak sivivan yo fè eksperyans ak twomatiz, enkyetid, ak lòt estrès ki ka gen efè negatif sou byennèt yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w rekonèt enpòtans Mwa Konsyantizasyon sou Vyolans ak Zam lan ak angajman kontinyèl ou pou asire ke viktim yo ak sivivan yo gen aksè ak sèvis, sipò ak resous yo bezwen, kèlkeswa kote ak nenpòt lè sa nesesè."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James V. McDonald, te deklare, "Vyolans ak zam non sèlman lakòz yon gwo domaj emosyonèl ak fizik sou sivivan yo, men li dechire fanmi yo ak kominote yo tou, sa ki lakòz plis devastasyon ak twomatiz. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò li fè pou konbat kriz sa a epi paske l ap travay nan direksyon kominote ki pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo."

###